SÀRTU ASKAN WI CI WÀLLU WÉR GU YARAM

PHA 2000

Sàrtu Askan wi ci Wàllu wér gu yaram

Yégle bi :

Wér gu yaram, mbirum askan la, mbirum; waaye nag, yelleefu cëslaayug doom aadama la jëkk a doon. Ñàkk yemoo gi, ndóol mi, njëfandikoo mi,coxor gi ak ñàkk yem gi ci wàllu yoon ñoo di cëslaayu feebar ak ndeetum baadoolo yeek nit ñi ñu beddi. Jote cig Wér gu yaram ngir ñépp day laaj ay matuwaay yu baaree bari yees di taxawal, xareek monjaalisaasiyõ (mbennalug àdduna) bi,ba noppi ittey njélbeen yi ci wàllu politig ak koom koom nekk lees soppi bu baax a baax.

Sàrt bii ngi sosoo ciy yaakaari góor ak i jigéen yu seeni kàddu néewoon ñu koy déglu ca njalbéen. Day ñaax askan wi ci sàkk pajtali boppam, ak njiiti gox, nguuri réew yi, mbootaay yeek kureli réewoo réew yi ciy toont yuy méngook seeni warteef.

Wenn gis gisu ëllëg

Yemoo gi, jàmm, ak ug yokkute gu sax neexook kaaraangey aaréem wi ñoo nga ca sunu diggu xolub gis gis ngir àdduna bu gën jag ; àdduna boo xam ne lii dig wér gu yaram ngir ñépp day nekk ug dëgg ; àdduna buy weg dund gi bépp anam ak bépp fànn ; àdduna buy yombal poccantalug xaralaak kàttanu kenn ku nekk ak seen dolliku guy bawoo ci ku ne ; àdduna boo xam ne, baatub nit ñi mooy gindi dogal yiy tabax seeug dund.

Lu ëpp ciy mbell yees di soxla ngir jote ci nisër yooyoo ngi fi

MBAMB MI CI WÀLLU WÉR GU YARAM

« Fi nun, feebar beek dee gi ndëkkuy bés bu jot lañu.Du rekk ndaxte nit ñaa ngiy feebar walla dee, waaye ndaxte li ëpp ci feebar yooyook ndeet yooyoo ngiy bawoo ci dogal politig ak yoy askan yu ñu nu ga (yen ci kaw sañt a bañ)

(Benn baatub Amerigu digg)

Cig yaatal, Cuppikuy koom yi am ci diiri fukki at yii mujj, am nañu njeexit lu xóot ci Wér gu yaramu nit ñeek seen kàttanug jote ci bérab, ndaw ak garabi paj ak askanal

Gannaaw céddaleem alali àdduna bi ci anam bu yemoodiku, teewul ndóol meek xiif baa ngiy gën di yokku

Kàmb gi dox diggante aji-oomle yeek aji-ndóol yi yokku na, ànd ak yemoodiku gi

ci diggante askan yi, diggante góor ak jigéen, diggante ndaw ak mag ñi.

Ñi ëpp ci askanu àdduna bi ñàkk nañu dund bu doy, , jotewuñu ci njàng mi, ci ndox mu laab, ciy dëkkuwaay, ci suuf si, amuñub liggéey, te jotewuñu ci bérabi wér gu yaramu yi, ndawam yeek garabi paj yi. Ngënaatle yiy gën di sax. Dañuy feeñ ci feebar yeek paj mi ci wàllu wér gu yaram.

Mbelli mbindare yaa ngi ñuy meññal ak a jëfandikoo ci anam bu jéggi dayo. Kasartey aaréem wiy tëkku wér gu yaramu kenn ku ne, rawatina gog aji-ndóol yi.

Féewaloo yiy fulandiku cig wet, fekk lii di jumtikaayi xareek faat mbooloo yi ñoom dañuy gën di bareek a tëkku àdduna bi.

Mbelli àdduna biy gën a dajaloo ci yoxoy lenn ciw nit wuy fexee yokk am amam bés bu jot.

Pexey politig yu yees yaa ngiy sosoo ci mbooloom nguur yu néew a néew te bari doole, ànd caak yenn kureli réewoo réew yi deme ni Bànk Monjaal, Fõo Moneteer Internasiyonaal ak Kurelu àdduna biy toppatoo njënd ak njaay mi (di Organisaasiyõo Monjaalu komers bi)

Politig yooyuleek yëngu yënguy kureli réewoo réew yi kenn jaaralewul yoon it, am nañuy njeexital yu bon abon ci dund gi, wér gu yaram ak nekkinu askani Tànk ak Gopp

Kureli pajum aajoy askan yi, fajatuñu aajoy nit ñi. Lu ci ëpp, ndaxte dañoo kasarawu ; sabab bi di wàññikuy alal ji nguur yiy war a tàbbal ci mbiri askan yi.

Jote ci bérabi wér gu yaramu yeek i ndawam ak garabi paj yi dañuy gën di jafe, di néew nu ñu leen di séddalee ba noppi, ñuy gën di méngoodikook soxla yi.

Njaayum bérab yii ñu tudde piriwaatisaasiyõo, mu ngiy tëkku njoteef gi ci bérabi wér gu yaramu yeek i ndawam ak garabi paj yi, di faagaagal sàrtub yemoo gi. Dëgër boppug jàngoro yi ñu mën a faj, njebbim feebar yi deme ni sëqat su bon si ak sibbiru bi, njuddook tasaarooy yeneen i jangoro yu yees yi deme ni sidaa, nekk nañu ay peeñant yu doy waar yuy màndargaal ñàkk a dogug jamono bi jëmale ci mbirum yemoo ak doxal yoon

Cëslaayu jëf ji ñu war a door.

Ponki Sàrtu Askan wi ci wàllu wér gu yaram

- Jote na mu gën a kawee ci wàllu wér gu yaram ak pasinug dund gu jag, yelleefug cëslaayu doom aadama la, dàq lépp luy aju ci cosaanu waaso, xeet, diine, awra, at, péete ci wàllu séy, giir mbaa kàttani nit ki

- Sàrti pajum njalbéenug wér gu yaram yi, ni ñu leen xalaate ci Biraleb Alma Ata bu 1978 yi dañoo war a nekk cëslaayu politigi wér gu yaram yi. Ba fàww, tey jii la gën a war ñu am cig nisër lii diw doxalin wu yemale, bariy fànn yu mu jëm tey boole ñépp.

- Nguur yi am nañu warteefu cëslaayu matal ak saxal njoteefug ñépp cig wér gu yaram gu baax a baax, cim njàng ak yeneen xeeti bérabi pajum ajoo yi, méngook soxlay askan wi te bañ a aju ci seen kàttanu mën koo fay.
- Bokkug nit ñeek mbootaayi askan yi daa war ci jamonoy nosin, doxal ak nattug politigi wér gu yaram yeek nasi askan yi.
- Wér gu yaram wi day suxlu ci aaréem politig, koom askan ak jëmm. Moo tax mu war a jiiti ci ittey dogalkat yi ci dayob tund wi, ci dayob réew meek dayob bitim réew (diggante réewoo réew), lëkkalook yemoo geek yokkute guy sax dàkk.

AB WOOTE CI JËF

Ngir xareek jafe jafey tey yi ci wàllu wér gu yaram ci àdduna bépp, day yell nu jëfandoo ak ci anam yépp – kenn kenn, mbooloo, réew mépp, diiwaan bépp, àdduna bépp - ci fànn yépp. Njamp yii ci suuf ñooy nekk

WÉR GU YARAM, YELLEEFU DOOM AADAMA LA

Wér gu yaram day feeñal taqoow wenn askan cig yemoo ak dëgg. Wér gu yaram ak yelleef yi dañu war a jiitu ci mbiri koom yeek mbiri politig yi.
Sàrt bii day woo askani àdduna bépp ngir:

- Taxawu bépp coono bu jëm ci saxal yelleef ci wàllu wér gu yaram.
- Sàkku ci Nguur yeek kureli réewoo réew yi ñunosaat, doxal te wéyal politig ak jëf yiy nisër wegeelug yelleef ci wàllu wér gu yaram.
- Tabax ay mboolooy askan yuy xiirtal Nguur yi ci ñu boole yelleef ak wér gu yaram ci seen Sàrt yu magi réew ak ci seen àtte
- Xareek njëfandikoom soxlaay wér gu yaramu nit ñi ci anami po ak i caaxaan

SONG SOLO YI ËPP MAANAA CI WÀLLU WÉR GU YARAM

Ndëkkuy koom yi

Koom-koom bi day suxlu wér gu yaram wi. Pólitigi Koom-koom yiy jiital ag yemoo, wér gu yaram ak pasiniug dund gu baax, jox leen gëdd, dañuy yokk wér gu yaramu askan, ba noppi yokkaale koom bi.

Pólitigi xaalis yi, yoy mbey meek xarala yiy wuyu ci turi dajalekati alal yi Nguuri réew yeek kureli réewoo réew yi jiital teg ci sunu kaw,, dañuy fitnaal nit ñi ci seen ug dund.

Bennaleb àdduna bii di monjaalisaasiyõo ak wëttalug njënd ak njaay mi yokk nañu yemoodiku gi ci diggante réew ak réew ak ci biir askan yi.

Réew yu ci bari ci àdduna bi, rawatina yi ëpp kàttan dañuy jëfandikoo seeni mbell, ba ciy ndaani koom ak congi xareekoon, ngir dëgëral ak yaatal seeni taxawaay, yu ca ànd ak njeexital yu bon a bon ci dundug nit ñi

Sàrt bii ngiy woo askani àdduna bépp ngir:

- Ñaan ñu soppi Kurelu àdduna biy toppatoo njënd ak njaay mi (di Organisaasiyõo Monjaalu komers bi)ak yeneen Kureli njënd ak njaayi réewoo réew yi,ngir dakkal njalgatim àqi doom aadama yi ci wàllu askanal yi, ci koom yi, ci aaréem ak ci wér gu yaram te ñu amal ‘’mberal loxo” bu am njariñ ñeel réewi Gopp yi. Ngir aar wér gu yaramu askan wi,coppiku gu ni mel day wara soxal xeeti moomeel yi aju ci mbiri xel yi deme ni “”bërëwe”yi ak dige ci jëm ci fànnay kaaraangey mbiri xel yi laal njënd ak njaay mi(ADPIC).
- Ñaan ñu far bori réewi Ceer-Moond bi
- Ñaan ñu soppi bu baax a baax tëralin ak doxalinu kureli Bànk Monjaal ak Fõo Moneteer Internasiyonaal ci anam buy tax kurel yooyuy mën di feeñal ak ñaaxe bu baax a baax ci àq ak yelleefi réew yi aw ci yoonu yokkute

- Laaj ay yooni doxalin yu xereñ ngir wóorlu ne doxalin ak jëfi mbootaay réewoo réew yi amuñ genn lor ci wér gu yaramu nit ñi, duñuy liggéeyloo seeni ndaw ci anam yu jéggi dayo, duñu yàq seen aaréem, walla duñu indi genn lor ci wàllu kaaraangey réew mi ci wàllu moomeeli boppam
- Fexee jote ci ŋguur yi ñuy amal ay pólitigi mbey yu méngook soxlaay askan te bu muy soxlay Ja bi, lii ngiir aar meññantalu dund bu doy ak njotam gu yaatu (kaaraangey dund)
- Ñaan Nguuri réew yi ñu jëf ngir aar yelleefi wér gu yaramu askan yi ci yooni àtte yi jëm ci moomeeli mbirum xel yi
- Sàkku toppatook peyum galag ci yëngu yënguy alali réewoo réew yiy dajaloo
- Fexee ba bépp pólitigu koom koom jànkoonteek nattug njeexitalam yi ci wàllu wér gu yaram, yemoo, ngënalantey awra,ak aaréem te ëmb ay matuwaay yu leen di wéral aka a sàmm.
- Boddi xalaatini koom yi sësu cig dolliku te wuutale leen ak ay royteef yu kuutlaay yuy sos ay mbooloo yu yu gën a nite ak ug yokkute guy gën a yàgg

xalaatini koom yi dañu war a nangu jafe jafey aaréem yi, maanaay yemoo geek wér gu yaram gi, ak itam njariñal liggéeyu ‘’baay-defal-yàlla bi, cig fésal liggéeyu jigéen ñi ñu fullaalul

Ndëkkuy askan ak pólitig yi

Pólitigu askanal bu yaatu day am njeexit yu baax ci dundug nit ñi ak ci seen nekkin, fekk na lii di Bennaleb koom koomu àdduna bii di monjaalisaasiyõo ekonomig beek njaayum bérabi liggéey yi ñoom a ngeek njeexital yu bon a bon cit e xóot ci mbokk moomeel yi, ci njaaboot yeek aada yi. Fekk na jigéen ñaa ngiy def liggéey bu am solo lool ci taxawu mbokkoo gi ci biir askan wi, seen aajo yi ëpp maanaa dañu leen di fàtte, walla ñu nasaxal leen, seen àq ak yelleef ak seen jëmm ñu jalgati leen.

Seetlu nanu ne kureli askan yi néewal nañu leen doole.Li ëpp ci seeni njiit toxalees na leen ci kureli moomeelu kenn kennal yi deme ni cémb yeek yeneen campeefi réew yi mbaa yoy réewoo réew yi nga xam ne, néew na lu ñuy jox askan wi ko yelloo xibaar yi ko soxal

Ba noppi, kàttanu pàrti pólitig yeek sendikaay liggéeykat dañu wàññiku fekk na dooleey aji sax ci aadaak cosaan ak aji-cëslaayu yi ñomm dañuy gën a

yokku.Demokarasii buy dox dëgg daa yelloo foccantalu ci pàrti pólitig yeek mbootaayi askan yi. Jamp na tey jii ñu amal tey ñaaxe cig leeral ak njëlum matuwaay

Sàrt bii ngiy woo askani àdduna bépp ngir:

- Laaj te jàppale yokkute geek amalug pólitigu askan bu yaa tey ñaax mbokk nit ñi
- Fexe ba góor ak jigéen ñi yem i àq ci liggéey bi, nekkin ak pasinug dund gi, yem sañ sañu birale,bokk ci pólitig bi,ci seen tànneefi diiwaan, ci njàng mi ak ci dung gu ànd ak genn coxor
- Ga Nguur yi ngir ñu amal ay yooni àtte yuy aar ak a yokk sañ sañu mboolooy waaso yu néew yi ci wàllu wérug yaram, wérug xel ak ngëm
- Sàkku njàng meek wér gu yaram gi jiitu ci ittey pólitig yi.Sàrt bi day laaj ci anam bu jaadu te jappandi lii di njàngum gone yépp ak mag ñi, rawatina xale yu jigéen ñeek jigéen, ak yaru njalbéenug daara gu baax
- Sàkku ba yëngu-yënguy kureli askan yi deme ni pajum gone yi, pexey séddaley dund beek dëkkuwaay askan yi yokk bu baax a baax wér gu yaramu nit ñeek mboolo yi
- Daan te fexe ñu neenal dogali pólitig yi sabab toxalug askan yi lu soriyook seeni suuf, seeni liggéey, walla seeni dëkkuwaay
- Jaamarlook kàttani aadak cosaan (mbaax ak mbañ) yiy gàllankoor àq ak yelleefi nit ñi, rawatina dundug jigéen ñii, xale yeek aji-néewle yi
- Jaamarlook “turism seksiyel” bii di cagatum wëraakoon yi ak njaayum jigéen ñeek gone yi ci àdduna bi

Ndëkkuy aaréem yi

Posonug ndox meek ngalw li, coppikkuy jaww ji ci anam yu gaaw lool, yàqutey « deru kiiraayal àdduna bi », balbalu kàttanu nikeleyeer beek i mbalitam, póródiwi simig yi tookewu ak pesticid yi, kasartey ndundati aaréem wi, ngortalub màndiŋ yi, ak koosum suuf si, am nañuy njeexital yu xõot ci wér gu yaramu nit ñi.

Yàqutey aaréem wii sababoo ci njëfandikum mbelli mbindare yi ànd ak ngàtt xel,ñàkkug gis gis bu yaa ci diir bu gudd, tasaaroy jikkoy kenn kennal yi jëm tey ci ndalem alal ak njëfandiku mu jéggi dayob aji-oomle yi. Dañu war a xareek sabab yiy kasaraal sunu aaréem wi te jéem koo dakkal ni mu gën a gaaweek a xereñ

Sàrt bii ngiy woo askani àdduna bépp ngir:

- Fexee ba cémbi réew yeek réewoo-réew yi, booleek kureli askan yeek yoy xarekat (militeer) yi indiy toont ak ay leeral ci seeni yëngu-yëngu yiy yàq te mbambu ba noppi di lor aaréem week wér gu yaramu nit ñi.
- Fexee ba (Laaj) mépp mébatu yokkute mu mu mën di doon, ñu koy natt, sukkandiku ci xamteefi aaréem wi, te yit ñuy jëfe ag teey ak mandate, saa yu pexey xarala yeek dogali pólitig yi dee tëkku wér gu yaram ak aaréem wi (ponkub pàggu).
- Fexee ba (Laaj) Nguur yi ñu dige ni ci seeni réew, dinañu fa wàññ bu baax a baax meññantali “”***Gaas aa efe dë seer***”” yiy guux lenn ci ceeñeeri jant bi ba noppi, di ko séddalewaaat ci anami toqat yuy dajeek yeneeni toqati gaas yuy baamtuwaat doxalin wi tey sabab kasartey “”deru kiiraayu” jaww ji, ànd ak yokkutey tàngoor wi ci àdduna bi. Sukkandiku nag ciy xamteef yu gën a tar ay daan yoy “”Digey réewoo-réew” yi jëmale ci cuppikug jaww ji, te duñu jëfandikoo xarala walla pexe yu mbambu mbaa yu méngoodiku.
- Xareek yab-yóobug jumtuwaayi xarala yu mbambu ak mbaliti tooke walla yu ni mel ci réew yu ndóol yi mbaa ciy bokk moomeeli aji-néewe yi; ñaaxe ciy pexe yuy wàññi meññantali mbalit yi.
- Wàññi njëfandiku mu ëpp mi, ak xeeti dundin yiy yàq lu baree bari, moo xam ci réewi Tànk yee, walla yoy Gopp yi.Gétén réewi xarala yi ba ñu wàññi seen ug njëfandiku ak meññantali mbaliti tooke yi.ci luy dem ci 90%
- Fexee ba (Laaj) ay matuwaay yuy wóoral kaaraangeek wér gu yaramu liggéeykat yi, ci boole liggéeykat yi ci càmmug matuwaayi kaaraange yi
- Fexee ba (Laaj) ay matuwaay yuy fàggu gaagaande yi ci biir bérabi liggéeyukaay yi,ci bokk-moomeel yi ak ci biir kër gi
- Lànk bañ nangu “Bërëwé” yi ñu jagleel dund gi, te xareek “Càccum” xam xam ak mbelli aadaak cosaani aji-dëkke yi.
- Amal ay nattukaay yu ñu jëmale ci nit ñeek bokk-moomeel yi ngir xayma ndolliku gi ci askan wi ak ci aaréem wi. Laaj ñu amal ak nangoo jëfandikoo àlluwaay xayma yuy natt kasartey aaréem wi ak mbirum nekkin ak wér gu yaramu askan yi.

Xare, coxorte, ŋaayoo, ak musibay mbindare

Xare, coxorte, ŋaayoo, ak musibay mbindare yiy yàq bokk-moomeel yi tey yàq ngorug doom aadama.Am nañu ay njeexital yu bon ci wér gu yaramu jëmm ak xeli way-bokkam yi, rawatina ci jigéen ñeek gone yi. Yokkutey njëndum ngànnaay yi ak njaayum ngànnaay mu jéggiy dayo yi ci diggantey réewoo-réew

yi te fees dell mbuxum yàq nañu ndal gi ci wàllu askan, pólitig,koom ak njoxeem mbell yi ñeel fànnay askan wi

Sàrt bii ngiy woo askani àdduna bépp ngir :

- Taxaw ci jàppale yëngu-yëngu yu mag yi ak mbooloo yi ci càkkutey jàmm ak wérug ngànnaay yi
- Taxaw ci jàppale yëngu-yëngu yu mag yiy xareek cong (ageresiyõo) yi, gëstu, meññal, jéemantu ak jëfandikooy ngànnaay yuy faagaagal ay mboolooy mbooloo, ak yeneen xeeti ngànnaay yu deme ni "**miin àntipersonnel**" yi ñuy tudde "**ndell**" yi
- Taxaw ci jàppale yëngu-yënguy mbooloo ngir am jàmm ci réew qui jànkoonteel ak ay xarey askan ak mbóomi xeet mbaay waaso
- Dàq (daan) njëfandikuy xarekat yu diy xale, coxor, ciif, metital, ak ndeetum jigéen ñeek gone yi
- Laaj kaayeg njëfandikuy suufus réewum jàmbur ngir yàq ngorug doom aadama
- Xareek takkali ngànnaay yi ñu jëmale ci kureli wallukati askan yi
- Laaj coppikug cëslaayu kurelu kaaraange (kõosey dë sekirite) bu Mbootaayi Xeet wi (Onii) ci genn kurel guy am tey dox dëgg ci demookaraasi
- Laaj Mbootaayi Xeet wi (Onii) ak réew yi kenn kenn ñu bàyyi bépp ndogalu daan yu soxor tey lor askan yi dul ay xarekat
- Ñaaxe ci yëngu-yënguy ngoreef yiy bawoo ci mbooloo yi ci seen bopp ngir dogal ni seeni, kàrce, bok-moomeel ak dëkk "Goxi Jàmm" lañu yu amul i ngànnaay
- Taxaw ci jàppale yëngu-yëngu yu mag yi ngir pàggu ak wàññikuy nekkin ak cong (ageresiyõo) yu soxor yiy bawoo ci góor ñi rawatina, ngir suuxat dëkkandoo ci jàmm
- Taxaw ci jàppale yëngu-yëngu yu mag yi ngir pàggum musibay mbindare yi ak wàññikuy metiti doom aadama yi yi ñuy sabab

BENN FÀNNAY WÉR GU YARAM JËMALE CI AJI- JËFANDIKU YI

Sàrt bii day laaj (ñaan) njotum pajum wér gu yaram ngir ñépp, bañ a sukkandiku nag ci kàttanug askan yi ci mën ko fay .
Bérabi paj ak wér gu yaram yi dañu war a nekk ci demookaraasi, ñuy leen di natt ci seen xereñteef te ñuy sukkandiku ciy mbell yu doy sëkk ngir jote ci nisër gii.

Sàrt bii ngiy woo askani àdduna bépp ngir :

- Taxaw lànk pólitigi réew ak réewoo-réew yiy jaay bérabi paj ak wér gu yaram yi, di leen soppaliy njarteef (màrsandiis)
- Laaj Nguur yi ñu amal, joxe alal ak jumtuwwayi paj ak wér gu yaram yi, jàppe ko ni pexe mi gën a xereñ ci saafara jafe-jafey paj ak wér gu yaram yi, te tëral doxalinu paj ak wér gu yaramu askan yi ngir yombal seenug njoteef ci ñépp, te kenn du ci fay dërëm
- Sëppu Nguur yi ngir ñu amal ay pólitigi wér gu yaram ak garabi pajum réew, yu ñuy jëmmal tey fexe ñu leen di weg
- Laaj Nguur yi ñu lànk te jàmmaarlook pólitigi yiy jaay bérabi paj ak wér gu yaram yitey sàmm bu baax a baax lii di fànnay paj mi ciy bérab yu diy moomeeli ñennat (di sektëer medikaal piriwe bi), bokk ca lii di kureli dimbalaakoon yeek ONSEE yi
- Laaj coppikug cëslaayu Bànqaasu Mbootaayi Xeet wi biy saytu wér gu yaramu askan yi di (OMS) ci anam buy tax muy mën di toontu ci soxlaay paj ak wér gu yaramu aji-ndóol yi, na moyu doxalin pexey “jële kaw-tàbbal-suuf”, te muy wóoral aw doxalinu bari-melo; muy boole mbootaayi cëslaay yi ci jaati Ndaje mu mag mom àdduna bi jëmale ci mbirum wér gu yaram; te muy màndu ci itteek jëflanteb njënd ak njaayi cémb yu mag yi
- Nos, jàppale ak doxal ay yëngu-yëngu yuy ñaaxeek a jàppale mébati nit ñi ak seenug nemmeeku ci dogali pólitigu wér gu yaram yi ci bépp fànn, rawatina ci yelleefi aji-faju yi ak way-jëfandiku yi
- Nangu te taxawal ay pexey pajum aada ak cosaan nook seeni fajkat, nangu seenug boole ci ndawi bérabi paj ak wér gu yaram yi jëkk
- Laaj ay coppiku ci njàngum ndawi bérabi paj ak wér gu yaram yi, ci anam buy tax ñu mën leen xamal pajum jafe-jafe yi ak pexe yi ci xereñ ; ñu nànd bu baax njeexitali monjaalisaasiyõo bi ci seeni bokk-moomeel, ñuy mën di lëkkalook seeni bokk-moomeel tey weg ag wuutanteem
- Laaj gëstu yi ci wàllu wér gu yaram, booleek gëstu bi ci ndundat yi, ci pajum kër doktoor ak coreelum njur yiy bàyyi xel ci soxla yi tey ame ciy bérabi xarala yu feendi taxaw mën cee joxey toont
- (OMS) ci anam buy tax muy mën di toontu ci soxlaay paj ak wér gu yaramu aji-ndóol yi
- Wàññi naweefug xarala paju mi, garab yi bokk ci,te laaj ñuy méngook soxlay nit ñi. Dañuy war di dàkk soxlay aji-jëfandiku yeek wér gu yaramu askan yi, te weg ponki sellal yi ci àdduna

- Taxaw ci jàppale nit ñi ci seen soxlay jóg-tànnal-sa-bopp ci mbirum séy ak njurum doom, te xareek bépp dogali daan ci pólitigu càmmug njur.
- Ndimbal loolu day ëmb yellefu ñépp ci jote ci mbooleem pexey soreel um njur yi sell te xereñ

BOKKUG ASKAN WI NGIR SUUXAT ÀDDUNA BU WÉR PÉLÉŊ

Ay mbootaay ak i mboolooy askan yu am kàttan dañuy am maaanaa mu réy ngir samp ay pólitig yu gën a demokaraatig te gën a yabu ci toontu ciy jëfam
Am na solo ci yelleef yi ci wàllu njuddum réew, pólitig, koom, askanal, ak caada gi doon lu ñuy weg

***Fekk na Nguur am nañu warteef wu fés ci suuxat yokkutey doxalinu yemale ci wàllu* wér gu yaram ak yellefi doom aadama, lu bari ciy mbooloo yu ne ci askan yi feggu, ci bérabi xibaarukaay yi, am nañ cër bu réy bu ñu yellloo doxal ngir wóorlu ne kàttani askan yi am nañu doole ju doy juy tax ñuy mën di nemmeeku yokkutey pólitig yooyule te wóorlu càmmug doxte mi**

Sàrt bii ngiy woo askani àdduna bépp ngir :

- Amal ak dëgëral ay mbootaayi askan ngir sos cëslaay bu dëgër ngir settantal beek jëf ji
- Nos, jàppale ak doxal ay yëngu-yëngu yuy ñaaxeek a jàppale yabug way-jëfandiku yi ci doxalinu dogali bérabi paj ak wér gu yaram yi nemmeeku ci dogali pólitigu wér gu yaram yi ci bépp fànn,
- Sàkku ci kureli askan yi ñuy gën di teew ci ndajey weccooy xalaat yi ci mbirum wér gu yaram yi ci gox yi, ci biir réew meek bitim réew
- Taxaw ci jàppale mébati gox yiy yombal demookaraasi bu ñépp bokk ci costey bokk-moomeeli liggéey yu mànkoo fépp ci àdduna bi

Ndaje mu mag mom askan wi ci wàllu wér gu yaram ak Sàrt bi

Xalaatu Ndaje mu mag mom askan wi ci wàllu wér gu yaram(APS), yàgg naa doon maanaay waxtaan ci lu ëpp diirub fukki at. Ci 1998, ci la lenn ciy mbootaay sos APS te amaloon menn ndaje mu mag mom réewoo-réew yi ca Bangalaadesh ci njextel atum 2000.
Lu takku ciy yëngu-yëngu amalees na leen, mu bokk ca ay « mbaari diiwaan », ndajaleem gëstuy masala yu soxal wér gu yaram gi ak mbindum Sàrtu **askan wi ci wàllu wér gu yaram**
Sàrt bii ngiy cëslaayu ci gis gisuy nit ak i mboolooy askani àdduna bépp. Ñu jëkk koo

dëggal ca ndaje mu mag ma woon ca Sawar, ca Bangalaadesh ca weeru deesàmbar atum 2000.

Sàrt bii, sunu biraleb mbooleem xalaat yu ñu bokk la, di sunu gis gis ngir benn àdduna bu gën a neex, gën a wér, ak sunuy woote ngir jenn jëf ju dëggu. Jumtukaay la ngir xamle sunu tawat, di bérabu ndaje moo xam ne, yeneeni bokk-moomeeli liggéey ak yeneeni mànkoo mën nañu ci juddoo.

KEKKSILÉEN NU – XAATIMLÉEN SÀRT BI
Noo ngiy woo nit ñépp ak mbootaay yépp ñu fekksi nu ci miim mbooloo àdduna te di léen feg ci ngéen xaatim Sàrtu askan wi ci wàllu wér gu yaram bi ak jàppale ko cig jëmmalam

Ndéeyteefu PHA :
Gonoshasthaya Kendra
Nayarhat Dhaka 1344 Bangladesh
Tel: 880 2 770 8316 770 8335
e-mail : phasec@pha2000.org
sit Web www.pha2000.org

Senegal: Amacodou DIOUF
AHDIS - PHM
SICAP Amitié 1, villa N°3029 Dakar, SENEGAL
Tel: + 221 33 824 52 83
E-mail : ahdis2@orange.sn

Sottantalu 22 saŋwiyer 2001